

VAKSEN KOVID-19

KI EFÈ SEGONDÈ LI GENYEN?

CHAK MOUN GEN DWA POU YO VAKSINEN!

Kèk moun pap gen okenn efè segondè kap soti nan vaksen an, men gen kèk moun kap gen efè segondè pou kèk jou.

MEN KÈK EFÈ SEGONDÈ VAKSEN KOVID-19 LAN:

- Doulè, enflamasyon, oswa kote w pran vaksen nan ponyèt la ka vinn tou wouj
- Lafyèw
- Kò tranble
- Fatig
- Tèt fèmal
- Anvi vomi



Pou diminye doulè a, mete yon sevyèt pwòp mouye sou kote w resevwa vaksen an, ou byen fè ègzesis ak ponyèt la.

KONSÈY ENPÒTAN

Pou ede w ak lafyèw la, bwè anpil dlo epi mete rad ki lejè sou ou.


KILÈ POU W RELE DOKTÈ

Nan majorite ka yo, li nòmal pou w genyen lafyèw oswa doulè pandan youn a twa jou (1-3), aprè w pran vaksen an. Rele doktè oswa Ajan Sante yo:

- Si kote w resevwa vaksen an vin tou wouj epi pi sansib aprè 24 èd tan, oubyen si efè segondè yo pa miyò aprè 1 a 3 jou.



Li enpòtan pou kontinye mete mask, lave men w, rete a distans 6 pye lòt moun toutotan ekspè sante piblik yo rekòmande sa.

Èske w se travayè nan zafè jaden Ozetazini ki vle konnen kilè e ki kote w ka vaksinen? Pale ak Ajan Sante yo oubyen rele nimewo Zafè Lasante nan: **1-800-377-9968** oubyen w ka voye yon mesaj pou nou sou Whatsapp nan: **(737) 414-5121** 

Sant Nasyònal pou Sante Travayè nan zafè Jaden
www.ncfh.org

Pwogram sa a se Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon nan Depatman Sante ak Sèvis Moun ki sipòte li (Centers for Diseases Control and Prevention, CDC of the Department of Health and Human Services, HHS) sa ki fè pati yon sibvansyon \$7,772,207 CDC/HHS bay a 100%. Mesaj sa a angaje moun ki ekri l la men li pa nesèsman reprezante opinyon ofisyèl ni andosman CDC/HHS oubyen gouvènman Ameriken an.